



Pou Piblikasyon Imedya: 17/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL LANSE INISYATIV SÈTIFIKASYON "TRAILBLAZERS IN BUSINESS" AK AKSELERATÈ KWASANS BIZNIS POU RANFÒSE MWBE NOUYÒK YO PANDAN MWA ISTWA NWA YO**

*Inisyativ sètifikasyon an bay sipò gratis atravè Rezo Konsèy pou Biznis nan tout Eta a*

*Bati sou siksè Eta a pou senplifye sètifikasyon MWBE yo pou 90 jou*

*Akseleratè kwasans Biznis 3.0 [ouvri aplikasyon yo](#) pou konstriksyon ak endistri semi-kondiktè yo*

*105 milyon dola nan kontra Eta a deja bay atravè pwogram akseleratè kwasans biznis yo*

*Pwopozisyon Eta a enkli limit acha ki pi elve, livrezon pwojè altènatif, ak otorite pre-kalifikasyon pou ranfòse patisipasyon MWBE*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a de inisyativ pou ranfòse kominote Antrepriz ke Minorite ak Fanm Eta Nouyòk yo Posede (Minority and Women-owned Business Enterprise, MWBE), pandan Mwa Istwa Nwa yo, bati sou refòm mache piblik MWBE ke li te anonse dènyèman nan pwopozisyon Eta Leta. Inisyativ Sètifikasyon "Trailblazers in Business" (Pyonye nan Biznis) ak Pwogram Akseleratè Kwasans Biznis MWBE 3.0 Eta Nouyòk ap elaji opòtinite pou MWBE yo atravè eta a. Apati 20 janvye jiska 28 fevriye 2025, Inisyativ Sètifikasyon an itilize yon rezo nan sant konsèy biznis nan tout eta a pou bay sipò gratis, konplè pou ede MWBE ki kalifye yo konplete aplikasyon yo pou sètifikasyon eta. An menm tan, Empire State Development ap lanse [Pwogram Akseleratè Kwasans Biznis](#) li a, ki fèt pou bay asistans teknik entansif ak fòmasyon nan devlopman biznis bay MWBE sètifye yo nan endistri konstriksyon ak metye konstriksyon fabrikasyon semi-kondiktè pou ede yo konpetitif pou opòtinite kontra piblik ak prive ki gen anpil valè.

"Pandan Mwa Istwa Nwa yo, n ap pran mezi odasye pou elaji opòtinite ekonomik ak kreye yon anviwònman biznis ki pi enklizif atravè Eta Nouyòk, ki gen ladan refòm istorik pou senplifye acha MWBE yo" **Gouvènè Hochul te deklare.** "Inisyativ Trailblazers in Business nou an senplifye chemen an pou sètifikasyon MWBE, pandan ke akseleratè

kwasans biznis nou an ekipe antrepriz yo ak fòmasyon espesyalize nan konstriksyon ak fabrikasyon semi-kondiktè. Ansanm, pwogram sa yo louvri nouvo chapit opòtinite pou avni ekonomik Nouyòk, pou asire ke chak biznis kalifye ka kontribye nan kwasans eta nou an."

**Ofisye anchèf Divèsite Julissa Gutierrez te deklare,** "Inisyativ Trailblazers in Business la bati sou angajman pwouve nou genyen pou siksè MWBE. Lè nou senplifye pwosesis sètifikasyon ak bay sipò pratik atravè rezo konsiltatif biznis nou an, n ap kreye opòtinite enpòtan pou biznis ki kalifye atravè eta a. Efò sa yo ranfòse kominote nou yo epi mennen yon kwasans ekonomik enklizif ki nan avantaj tout Nouyòkè yo."

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Devlopman Empire State la, Hope Knight, te deklare,** "Pandan n ap senplifye pwosesis sètifikasyon an atravè inisyativ Trailblazers in Business nou an, n ap prepare tou MWBE yo pou opòtinite san parèy nan konstriksyon ak fabrikasyon semi-kondiktè. Akseleratè kwasans biznis nou an bay fòmasyon espesifik nan sektè sa yo, pou asire nouvo biznis sètifye yo pare pou fè konpetisyon epi reyisi nan endistri Nouyòk k ap grandi byen rapid yo."

**Jason Clark, Direktè Egzekitif Divizyon Devlopman Antrepriz Minorite ak Fanm ESD yo Posede, te deklare,** "To itilizasyon 32 pousan MWBE ki pi elve nan peyi nou an demontre enpak sipò entelijan epi ki sible. Lè nou akselere pwosesis sètifikasyon an epi bay devlopman biznis espesyalize atravè pwogram Akseleratè nou an, ki te deja jenere plis pase 105 milyon dola nan kontra yo, n ap kreye yon chemen konplè nan siksè pou kominote MWBE Nouyòk la."

### **Pwopozisyon Eta Leta Pou Elaji Opòtinite MWBE**

Nan diskou Eta Leta 2025 li a, Gouvènè Hochul anonse pwopozisyon pou plis elaji opòtinite MWBE yo atravè Eta Nouyòk. Plan Gouvènè a enkli ogmante limit acha diskresyonè MWBE a 1.5 milyon dola, pou aliyen Eta Nouyòk ak nòm Otorite Transpò Metwopoliten, (Metropolitan Transportation Authority, MTA) ak Vil Nouyòk pou senplifye pwosesis mache yo epi kreye nouvo opòtinite kontra pou kominote MWBE Nouyòk.

Pwopozisyon yo elaji metòd altènatif pou reyalize pwojè yo, tankou konsepsyon konstriksyon pwogresif ak manadjè konstriksyon, pou kreye kondisyon konkirans ki pi ekitab pou ti antrepriz yo ak nouvo antrepriz yo. Anplis de sa, Gouvènè a ap pwolonje otorite lis pre-kalifye bay ajans ak otorite eta yo, pou asire vandè apwopriye yo revize òf la pandan y ap sipòte nouvo antrepriz MWBE nan pwosesis mache a.

Refòm konplè sa yo ranfòse pozisyon Nouyòk kòm yon lidè nasyonal pou sipòte kwasans ak siksè MWBE, bay nouvo chemen pou biznis sètifye yo fè konpetisyon ak devlope nan kontra eta a.

### **Inisyativ Sètifikasyon Trailblazers in Business**

Bati sou pwosesis sètifikasyon senplifye Eta Nouyòk la ki deja pèmèt pran desizyon nan yon delè 90 jou, patisipan yo nan Inisyativ Sètifikasyon Trailblazers in Business yo ka resevwa detèminasyon menm pi rapid. Pandan ke biznis yo dwe ranpli kondisyon ki

etabli nan Lwa Egzekitif Atik 15-A ak Tit 5 pou yo kalifye, inisyativ la vize pou akselere ankò pwosesis pou aplikan ki elijib ki reponn a demann enfòmasyon yo nan yon delè senk jou ouvrab.

MWBE yo ka konekte ak òganizasyon sa yo pou jwenn asistans pou aplikasyon gratis:

- Sant Asistans Antreprenarya – [esd.ny.gov/entrepreneurial-assistance-program](https://esd.ny.gov/entrepreneurial-assistance-program)
- Sant Devlopman Ti Biznis – [nysbdc.org](https://nysbdc.org)
- Akseleratè Empire APEX – [empireapexMWBE@nystec.com](mailto:empireapexMWBE@nystec.com)
- Akseleratè LaGuardia APEX – [laguardia.edu/ce/business-services/apex-accelerators](https://laguardia.edu/ce/business-services/apex-accelerators)
- Chanm Komès Bronx– [bronxchamber.org](https://bronxchamber.org)
- Sosyete Devlopman Kominotè La Fuerza Unida - [lafuerzacdc.org/pages/services](https://lafuerzacdc.org/pages/services)

### **Akseleratè Kwasans Biznis MWBE Eta Nouyòk**

Pwogram Akseleratè Kwasans Biznis 3.0 MWBE Eta Nouyòk la bati sou siksè vèsyon anvan yo, ki te ede amelyore kapasite 125 antrepriz MWBE yo epi fasilite plis pase 105 milyon dola nan kontra yo. Pwogram nan ap bay MWBE ki sètifye ak oryante sou kwasans nan endistri konstriksyon ak mache konstriksyon fabrikasyon semi-kondiktè a asistans teknik entansif ak fòmasyon sou devlopman biznis.

Patisipan yo ap benefisye pi bon aksè nan kontra konstriksyon ajans Eta Nouyòk ak kontra ki baze sou konstriksyon semi-kondiktè, ekspè nan endistri yo, estimasyon pri konstriksyon ak ekspètiz apèl d'of, resous kapital pou preparasyon dimansyon kontra yo, ak yon plan kwasans biznis estratejik senk ane ki adapte ansanm ak pwogram ankadreman ak asistans teknik. Aplikan ki enterese yo ka aplike [isit la](#).

Pwogram Akseleratè Kwasans Biznis MWBE Eta Nouyòk yo pral bay nan kat faz:

- Faz 1 (1-3 Mwa): Sansibilizasyon, rekritman, ak konsepsyon pwogram yo
- Faz 2 (4-11 Mwa): Fòmasyon entansif, ki baze sou pwogram ki adapte a bezwen patisipan yo
- Faz 3 (12-15 Mwa): Ankadreman endividyèl ak devlopman Plan Kwasans Biznis
- Faz 4 (16-18 Mwa): Sipò aprè gradyasyon ak asistans kontinyèl

Pou kalifye pou Pwogram Akseleratè kwasans Biznis 3.0 MWBE Eta Nouyòk la, aplikan yo dwe yon sèvis konstriksyon, konsiltasyon konstriksyon, oswa fabrikasyon semi-kondiktè antrepriz konstriksyon epi yo dwe an fonksyon pandan omwen dezan. Patisipe nan pwogram nan gratis epi y ap delivre l atravè asistans devlopman biznis alafwa vityèl ak an pèsòn, ki gen ladan atelye, konsèy endividyèl, ak opòtinite pou kreye rezo.

### **Sipò Gouvènè Hochul pou MWBE Nouyòk yo**

Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Eta Nouyòk transfòme pwogram MWBE li yo nan yon modèl nasyonal pou kwasans ekonomik enklizif. Yon envestisman estratejik 11 milyon dola nan ane fiskal 2023 te elimine reta nan sètifikasyon an epi redwi delè repons aplikasyon yo a 90 jou oswa mwens. Depi mwa out 2023, Devlopman Empire State te

sètifye ak resètifye avec siksè plis pase 3,700 biznis, senplifye aksè a opòtinite nan kontra eta a.

Nouyòk kontinye etabli referans nasyonal pou patisipasyon MWBE, ki depase objektif itilizasyon 30 pousan li pou katriyèm ane konsekitif la ak yon to 32.21 pousan ki mete l alatèt nan peyi a. Reyalizasyon sa a reprezante prèske 3 milya dola nan kontra eta a bay MWBE sètifye yo nan ane fiskal 2023-2024, sa ki kontribiye nan prèske 12 milya dola nan prim depi Gouvènè Hochul te antre an fonksyon. Pou ranfòse enpak pwogram nan plis, Gouvènè a te entwodui dènyeman Otokolan Sètifye MWBE Eta Nouyòk la, yon mak sètifikasyon ofisyèl ki ogmante vizibilite pou biznis ki kalifye yo epi ki ouvri nouvo opòtinite ak patnè gouvènman an epi sektè prive yo.

**Senatè Eta James Sanders Jr. te deklare,** "Inisyativ Sètifikasyon 'Trailblazers in Business' ak Akseleratè Kwasans Biznis Gouvènè Hochul la se mezi amirab pou ranfòse antrepriz Minorite ak Fanm yo Posede nan Nouyòk. Pwogram sa yo mete aksan sou angajman pou elimine obstak yo epi kreye opòtinite dirab pou MWBE yo, patikilyèman nan sektè kle tankou konstriksyon ak fabrikasyon semi-kondiktè. Pandan ke li apwopriye pou lanse inisyativ enpòtan sa yo pandan Mwa Istwa Nwa yo, nou dwe asire ke efò sa yo depase mwa fevriye, pou favorize yon kwasans dirab ak ekitab pou MWBE nou yo pandan tout ane a ak pou jenerasyon k ap vini yo."

**Manm Asanble Rodneyse Bichotte Hermelyn te deklare,** "Mwen bat bravo pou pwopozisyon odasye MWBE Gouvènè Kathy Hochul, patikilyèman pou ogmante acha diskresyonè MWBE a 1.5 milyon dola. Pandan plizyè ane, mwen te goumen pou leve limit sa a, epi mwen te kapab elimine obstak yo nan Vil Nouyòk lè m ogmante limit sa a 1.5 milyon dola avèk kòlèg mwen yo. Kounye a, n ap debloke plis opòtinite toujou lè nou aliyen Eta Nouyòk avèk nòm akizisyon MTA ak Vil Nouyòk pou bay MWBE yo plis otonomi nan gwo eta nou an."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)